

1ye novanm 2017

**Office of the Chancellor**

**52 Chambers Street  
New York, NY 10007**

**212 374 0200 Tel  
212 374 5588 Fax**

Chè fanmi,

Premye priyorite nou se kenbe elèv ak estaf an sekirite. Yè apremidi te gen yon ak terè nan Lower Manhattan. Se vrèman yon gwo trajedi, epi ansanm kòm yon Vil nou pran lapenn pou lanmò Nouyòkè inosan yo.

NYPD ak FBI ap mennen yon ankèt apwofondi. Jodia, DOE ap gen konseye lekòl anplis ak konseye pou moun ki twomatize disponib; tanpri kontakte direktè lekòl ou a pou plis konsèy ak sipò.

Pandan trajedi sa a, gen yon otobis lekòl yo te frape kote te gen de elèv ak de manm estaf ki te blese. Nou te pran tout prekosyon pou asire sekirite elèv nou yo ak estaf nou yo epi n ap suiv sitiyasyon an depre.

Nou gen anpil rekonesans pou premye repondè yo ki te aji rapidman pou asire sekirite bilding lekòl ki tou pre kote ensidan an rive a epi nou apresye tout sa yo fè pou kenbe Nouyòkè an sekirite.

Avèk senserite,



Carmen Fariña